

Nim. 202.34

DEKRÈ EGZEKITIF

Kontinite Sispansyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo Ki gen rapò ak ijans nan sitiyaasyon katastwòf la

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

LÈ NOU KONSIDERE, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

KOUNYE A, AN KONSEKANS, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, konfòmeman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la pou pibliye nenpòt enstwiksyon pandan yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf ki nesese pou fè fas ak katastwòf la, mwen, avèk dokiman sa a, ap pase enstwiksyon nou pral site la yo pou peryòd soti ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 27 jen 2020;

- Operatè biznis ak pwopriyetè batiman yo, ak lòt moun ki gen otorizasyon nan non yo ta dwe gen kapasite pou yo asire konfòmite anba direktif ki nan Dekrè Egzekitif 202.17 (ki mande pou nenpòt moun ki gen laj plis pase de ane epi ki ka sou plan medikal tolere yon mask pou kouvri figi yo, dwe kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa mask ki fèt ak rad pou kouvri figi yo lè yo nan yon espas piblik), ki enkli kapasite pou yo refize resevwa moun ki pa konfòme yo anba direktif ki nan Dekrè Egzekitif 202.17 la, oswa pou mande oswa fòse yo soti si yo pa adere a direktif sa a, epi pwopriyetè oswa operatè sa a pa ta dwe sijè a okenn alegasyon vyolasyon akò jwisans pèzib, oswa objektif fristrasyon, jis paske yo ap ranfòse aplikasyon direktif sa a. Pa gen anyen nan direktif sa a ki ta dwe entèdi oswa limite dwa otorite ranfòsman lete ak federal yo genyen pou yo enpoze amand oswa lòt sanksyon pou nenpòt vyolasyon direktif ki nan Dekrè Egzekitif 202.17. Yo ta dwe aplike direktif sa a nan yon fason ki konsistan ak Lwa sou Ameriken ki Andikape yo (American with Disabilities Act) oswa nenpòt pwovizyon lwa ki nan swa Lwa sou Dwa Moun (Human Rights Law) nan Eta New York oswa Vil New York, oswa nenpòt lòt pwovizyon lwa yo.
- Dekrè Egzekitif 202.31, ki te pwolonje pwovizyon lwa ki genyen nan Dekrè Egzekitif 202.3, 202.4, 202.5, 202.6, 202.7, 202.8, 202.10, 202.11, 202.13, 202.14, 202.28, ki yo chak te fèmen oswa otreman limite biznis piblik oswa prive yo oswa espas akomodasyon piblik yo, ak Dekrè Egzekitif 202.32 jan li te modifiye pa Dekrè Egzekitif 202.33 ki mande ranvwa, anilasyon oswa limitasyon nan gwo tout rasanbleman gwoup moun ki pa esansyèl epi ki plis pase dis moun yo, epi ki ansanm konstitiye New York On PAUSE, avèk dokiman sa, li ap kontinye jiskaske epi amwens ke pi devan yo te pwolonje oswa amande li pa yon Dekrè Egzekitif nan fiti, a kondisyon, sepandan:
 - Kou yon reyon respekte mezi sante ak sekirite piblik ke yo te preskri yo, jan Depatman Sante (Department of Health, DOH) a te detèmine sa, yo pral kalifye pou reyouvèti Premye Faz la;
 - Biznis oswa antite ki ouvri konfòmeman a enstwiksyon ke Depatman Sante a te pwomilge yo dwe fonksyone konfòmeman a enstwiksyon ke Depatman Sante a te pwomilge.

- Apati dat 28 me 2020, rejyon yo ki respekte mezi sante ak sekirite piblik ke yo te preskri yo ki obligatwa pou reyouvèti Premye Faz yo se: Finger Lakes, New York Santral, Mohawk Valley, Southern Tier, North Country, Rejyon Lwès New York:, Rejyon Kapital, Mid-Hudson, ak Long Island. Rejyon sa yo gen ladan yo konte Genesee, Livingston, Monroe, Ontario, Orleans, Seneca, Wayne, Wyoming, Yates, Cayuga, Cortland, Madison, Onondaga, Oswego, Fulton, Herkimer, Montgomery, Oneida, Otsego, Schoharie, Broome, Chemung, Chenango, Delaware, Schuyler, Steuben, Tioga, Tompkins, Clinton, Essex, Franklin, Hamilton, Jefferson, Lewis, St. Lawrence, Allegany, Cattaraugus, Chautauqua, Erie, Niagara, Albany, Columbia, Greene, Saratoga, Schenectady, Rensselaer, Warren, Washington, Dutchess, Orange, Putnam, Rockland, Sullivan, Ulster, Westchester, Nassau, ak Suffolk. Yo pral konsidere nenpòt rejyon adisyonèl ki ranpli kritè yo apre dat sa pou yo enkòpore yo nan Dekrè Egzekitif sa a san revizyon adisyonèl epi yo pral gen pèmasyon pou yo retounen ouvri endistri Premye Faz yo, ki sijè a menm tèm ak kondisyon yo.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan vennywityèm jou mwa

me nan ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a